


KOURIKOULÒM KORE TIFI



Sesyon siplemantè sou pouvwa, vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA
E N T W O D I K S Y O N



REPANSE POUWVA

An nou balanse pouvwa ant fi ak gason



BEYOND BORDERS



Pwogram Repanse Pouwva reyalize kourikoulòm Kore Tifi pou lekòl avèk kolaborasyon divès pwofesè nan matyè sa yo: Syans Sosyal, Byoloji ak Fransè. E se nan matyè sa yo pwofesè Lekòl Segondè (Twazyèm Sik Fondamantal ak Nouvo Segondè) kapab itilize kourikoulòm nan. Li genyen divès liv ki se gid pou pwofesè yo. Genyen tou kèk pati ki dwe fotokopye pou rive nan men elèv yo. Liv yo ap pèmèt elèv yo fè aprantisaj pratik sou sijè ki nan kourikoulòm Ministè Edikasyon Nasyonal. Yo fèt tou pou ede pwofesè yo atenn youn nan prensipal objektif lekòl ki se: akonpaye elèv yo nan aprantisaj ki pral pèmèt yo pi epanouyi epi, viv ak plis lajwa posib.

Nan kourikoulòm nan, pwogram Repanse Pouwva rekonèt e li pran an kont kapasite enkwayab pwofesè yo kòm modèl ak moun ki transmèt nòm sosyal bay jèn yo. Jan yon gwoup rechèch sou vyolans raple li: *"Tout moun konnen lekòl se yon platfòm pou enflyanse chanjman sou gran echèl. Men defi a se mete zouti nan men ase ajan ki pou angaje elèv, pwofesè ak paran"*¹. Kourikoulòm Kore Tifi pou lekòl fèt yon fason pou ede pwofesè ak elèv jwenn enfòmasyon nesesè pou yo vin ajan chanjman, pandan Ti pale ak lòt materyèl yo ap ede paran ak lòt manm kominote a.





Kijan kourikoulòm nan òganize?

Genyen liv pou chak klas sou chak matyè; pwofesè kapab itilize liv yo kòm gid. Liv yo prezante bagay sa yo:

SYANS SOSYAL AK BIYOLOJI

Liv matyè sa yo òganize apeprè menm jan. Pwofesè yo pral jwenn yon premye paj ki prezante enfòmasyon sou otè yo, ak Faz chanjman nan Kore Tifi liv la plis apwopriye a.

Ansuit, pwofesè yo pral jwenn yon tabdèmatyè ki genyen enfòmasyon sou sijè prensipal ki trete a, referans nan kourikoulòm Ministè Edikasyon Nasyonal, plis referans nan kèk liv ki sèvi nan divès lekòl pou matyè sa yo. Apre enfòmasyon sa yo, se tit ak dire sesyon yo. Pwofesè yo kapab suiv lòd sesyon yo prezante plis posib paske sa elèv yo aprann nan yon sesyon ki vin anvan ap pèmèt yo pi byen konprann sesyon ki vin apre a.





Apre tabdèmatyè a, chak sesyon genyen konpozan sa yo:

KONPOZAN	DESKRIPSYON
a. Sijè	Tèm prensipal sijè a kouvri. Kapab genyen yon sesyon oubyen plis pase youn pou chak tèm.
b. Tit ak dire	Tit sesyon an ak yon estimasyon tan li ap pran. Remak: Tout sesyon yo fèt pou dire 45 minit oubyen mwens, yon fason pou yo kapab antre pi fasil nan dire estanda yon kou.
c. Objektif	Objektif la esplike kisa elèv yo ta dwe tire nan sesyon an.
d. Preparasyon pwofesè a bezwen fè	Se tout sa pwofesè a dwe prepare anvan li prezante yon sesyon. Pou pifò sesyon, preparasyon yo senp, yon pwofesè kapab fè preparasyon yon sesyon kèk minit anvan sesyon an; men pou kèk sesyon, preparasyon yo dwe fèt yon jou davans oubyen plis.
e. Egzèsis	Se enstriksyon pazapa yon pwofesè dwe suiv pou asire klas la atenn objektif ki te fikse pou yon sesyon. Sa genyen ladan li konsèp pou pwofesè a pataje avèk elèv yo, kesyon pou li poze, ak direktiv pou li mennen aktivite a nan klas la. Se enfòmasyon pou yon pwofesè li, konprann anvan li fè aktivite a; epi se gid pou pwofesè a reyalize sesyon an.
f. Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an	Sijesyon sou kèk pwen elèv yo ta merite retni apre sesyon an.
g. Evalyasyon elèv	Evalyasyon yo kapab antre nan tès elèv yo, se kapab devwa lakay, se kapab tou devwa ekri nan klas, oubyen deba. Evalyasyon yo se pou asire elèv yo te konprann objektif ki te fikse pou sesyon yo. Evalyasyon yo enpòtan men, se pa sou yo nou dwe mete fokis lè nou ap mennen sesyon yo. Objektif prensipal sesyon sa yo, se bay elèv yo sipò pandan yo ap aprann bagay ki pou fè yo vin moun ki pi pozitif.
h. Kopi pou elèv/fèy egzèsis (pou kèk sesyon sèlman)	Gen sesyon ki genyen pati ki bezwen fotokopye pou elèv yo, oubyen elèv yo bezwen ekri nan kaye oubyen sou tablo. Nan ka konsa, sa parèt nan seksyon preparasyon pwofesè a bezwen fè. Donk pwofesè a pral asire li kontni ki nesesè pou elèv yo disponib.

FRANSÈ

Pou Fransè, genyen de (2) apwòch. Youn pou Twazyèm Sik Fondamantal, lòt la pou Nouvo Segondè. Pou Twazyèm Sik Fondamantal, se Konpreyansyon Tèks. Pou Nouvo Segondè, se Sijè.

Gid Twazyèm Sik la prezante yon entwodiksyon ki esplike an gwo objektif Faz 2 (Konsyantize), plis kèk eleman esplikatif.

Se 12 tèks an tou ki dwe fasilité avansman elèv yo nan Faz 2 Kore Tifi. (Kat tèks omwen pou chak klas 3yèm Sik). Selon matirite elèv ki nan yon klas, selon kantite ane elèv nan yon klas genyen pou li antre nan Nouvo Segondè, selon opsyon entegrasyon kourikoulòm Kore Tifi yon lekòl chwazi, oubyen tou selon jijman pwofesè Fransè a fè, klas la kapab travay sou plis pase kat tèks.

Pou chak tèks, Genyen tèm, repons oubyen pis repons pou pifò kesyon. Tout enfòmasyon sa yo se pou Mèt yo. Yo devan pou chak gwoup tèks ki te prevwa pou yon klas. Genyen yon nimewo paj ki pèmèt yon pwofesè jwenn tèks ak kesyon ki koresponn ak enfòmasyon yo.

Apre, genyen tèks yo avèk kesyon yo. Se yo menm elèv yo ap resevwa youn pa youn, chak fwa yon pwofesè Fransè jije li enpòtan pou li travay avèk youn nan tèks yo nan klas li. Donk se kopi tèks ak kesyon sèlman ki ap rive nan men elèv yo.

Konpreyansyon tèks se yon aktivite tout pwofesè Fransè fè. E, tèks sa yo, akoz kontni yo, ofri bon jan opòtinite pou yon pwofesè bay elèv li yo enfòmasyon ki esansyèl pou lavi yo.

Nan Nouvo Segondè, tretman sijè yo dwe fasilité avansman elèv yo nan Faz Sipò ak Aksyon Kore Tifi. Elèv Nouvo Segondè ap genyen pou yo li kèk tèks oubyen kèk pòson tèks anvan chak sijè yon pwofesè ap entwodui nan klas la. E nan menm estil travay yon pwofesè fransè, literati oubyen filozofi, li pral gide elèv yo pou yo fè rechèch sou tèm yo, monte, prezante ak defann agiman, bay enfòmasyon selon piblik sib la, fè prezantasyon ak reponn kesyon sou sijè yo, redije tèks enfòmatif sou sijè yo. Ansanm aktivite sa yo dwe pèmèt elèv yo akeri plis konesans sou tèm ak objektif sesyon Kore Tifi yo, ranfòse kèk kapasite pou kominike konesans ak kwayans yo te devlope nan Faz Konsyantize epi pare pou pale sou konesans ak kwayans yo avèk zanmi yo, ak ti gwoup oubyen nan okazyon espesyal.

Kijan yon lekòl kapab entegre kourikoulòm Kore Tifi a nan sistèm ansèyman li?

Menm jan ak tout lòt metòd Kore Tifi yo (Teyat, Ti Pale...), kourikoulòm nan suiv Teyori Etap Chanjman². Elèv yo ap suiv pwosesis chanjman sa a pandan yo ap avanse soti nan 7yèm Ane rive nan Filo:

- **FAZ 1 (KÒMANSE)** – Pa genyen enfòmasyon nan kourikoulòm nan pou elèv – se etap preparasyon pou lekòl ak pwofesè; konsa lekòl la ak pèsonèl li ap pare pou lanse sijè yo avèk elèv yo fason ki efikas e ki mete elèv yo an sekirite. Pèmèt chanjman nan konesans ak kwayans pèsonèl lekòl.
- **FAZ 2 (KONSYANTIZE)** – Liv pou 7yèm-9yèm Ane Fondamantal, nan kourikoulòm nan. Pèmèt chanjman nan konesans ak kwayans elèv.
- **FAZ 3 (SIPÒ)** – Liv pou 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè (3zyèm ak segond). Pèmèt elèv devlope nouvo kapasite.
- **FAZ 4 (AKSYON)** – Liv pou 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo). Pèmèt elèv chanje konpòtman.

Kontni yon Faz ki vini apre baze sou kontni Faz ki vini anvan an, menm jan ak nan lòt matyè yo. Pa egzanp, li ta difisil pou yon elèv antre nan Faz 4 san li pa te pase nan Faz 2 ak 3. Pou rezon sa a, lè se premye fwa yon lekòl ap kòmanse avèk kourikoulòm Kore Tifi, li rekòmande pou lekòl la fè youn nan de opsyon sa yo: 1. Fè mini-atelye entansif avèk elèv yo, si gen posibilite, pou asire elèv nan pi gwo klas konprann eleman de baz Kore Tifi yo. 2. Entegre kourikoulòm Kore Tifi sou yon peryòd twa lane.

Opsyon 1: Reyalize mini-atelye entansif pou entegre tout kourikoulòm nan nan yon lane
Si tan ak posibilite pèmèt sa, pwofesè yo kapab fè mini-atelye aprè lè lekòl, jou Samdi, oubyen nan lòt jou; atelye sa yo dwe pèmèt pwofesè yo fè elèv ki nan pi gwo klas fè konesans ak kontni Faz ki vini anvan. Pa egzanp, elèv Reto ak Filo pral kòmanse nan Faz 4, men yo t ap bezwen mini-atelye pou yo fè sesyon Faz 2 ak Faz 3 yo anvan yo kòmanse Faz 4. Sa mande angajman pwofesè ak elèv, men sa kapab sèvi kòm yon mwayen pou fè pwosesis entegrasyon konplè kourikoulòm Kore Tifi nan yon lekòl ale pi vit. An plis de sa, si genyen nouvo elèv ki rantre nan lekòl la chak ane, oubyen pa egzanp kèk elèv 9yèm Ane pa te jwenn kontni 7yèm ak 8yèm Ane , kèk lekòl kapab chwazi fè kèk mini-atelye pou asire elèv sa yo ekspose ak tout kontni ki vini anvan sa yo ap suiv nan klas yo.

Opsyon 2: Entegre liv kourikoulòm yo sou yon peryòd twa lane

Si volonte ak posibilite pa pèmèt reyalizasyon mini-atelye yo, li posib tou pou kourikoulòm nan okonplè entwodui nan lekòl la sou yon peryòd twa lane. Pou sa fèt, yon lekòl ap kòmanse

avèk elèv 7yèm rive 9yèm Ane, epi lekòl la ap kontinye entwodui Faz 2 ak 3 avèk elèv sa yo lè yo nan klas apwopriye yo. Lekòl la dwe kontinye sèvi ak kourikoulòm nan chak ane avèk nouvo elèv yo (7yèm Ane), nan klas elèv te sèvi avèk li nan ane anvan an (8yèm ak 9yèm Ane) pou sik la pa gen twou vid. Nou ta entegre kourikoulòm nan konsa:

- **1ye Ane** – Faz 2 (Konsyantize) – 7yèm-9yèm Fondamantal
- **2yèm Ane** – Kontinye avèk Faz 2 (Konsyantize) – 7yèm-9yèm Ane Fondamantal epi ajoute Faz 3 (Sipò) –1ye ak 2zyèm Ane Nouvo Segondè (3zyèm ak Segond)
- **3yèm Ane** – Kontinye avèk liv Faz 2 (Konsyantize) ak Faz 3 (Sipò), epi ajoute liv Faz 4 (Aksyon) –3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo)

Apre twa ane sa yo, lekòl la kapab kontinye sèvi ak tout liv yo nan tout klas yo. E anfèt, se lè sa a elèv yo ak tout kominote a pral jwenn pi gwo avantaj Kore Tifi pote.

Remak: Depi yon premye gwooup elèv fin ekspoze avèk kourikoulòm nan, sa prale fasil paske kontni kourikoulòm nan fèt fason pou li kontinye atire elèv yo. An plis de sa, li fasil pou itilize paske li diminye travay pwofesè ki deja okipe anpil akoz lesoun tou pare li genyen ki ranfòse plan kou ki deja egziste!

Kijan pwofesè Syans Sosyal, Byoloji ak Fransè nan nivo segondè kapab sèvi avèk kourikoulòm nan?

Apre Ekip Kore Tifi fin fè fòmasyon pou pwofesè yo ak tout lòt manm pèsònèl yon lekòl nan Faz 1, kèk nan pwofesè yo kapab enterese ede elèv konprann plis sou pouvwa, vyolans, relasyon pozitif ak VIH. Ladan yo, genyen ki kapab vin pwen fokal nan lekòl oubyen yo kapab angaje tèt yo nan inisyé pwosesis chanjman avèk lòt mwayen nan lekòl. Kourikoulòm sa a kapab yon zouti epesyal pou pwofesè Syans Sosyal, Byoloji ak Fransè nan travay yo pou chanjman.

Sonje, sesyon yo fèt pou yo kapab entegre avèk fasilitè nan lè kou yo! Nan kèk ka, pwofesè kapab chwazi pou yo fè sesyon ki separe ak kou yo tou – kontni kourikoulòm nan òganize pou pwofesè ak reskonsab lekòl genyen tout posibilité pou yo jije ak chwazi lè pou yo sèvi ak liv yo.


Pou pwofesè kòmanse sèvi ak kourikoulòm nan, yo kapab:

- 1) Gade liv ki pou kou ak klas pa yo epi konprann kibò ak ki lè yo kapab entegre kontni liv la.
- 2) Diskite avèk direksyon lekòl la sou fason pou liv yo sèvi; deside si se yon entegrasyon sou yon lane (mini-atelye sou kontni, oubyen sou twa lane, jan sa esplike pi wo a).
- 3) Suiv fòmasyon espesifik avèk Ekip Kore Tifi, epi jwenn sipò Ekip la pandan yo ap sèvi ak kourikoulòm nan.
- 4) Aprann kontni yon sesyon epi fè preparasyon apwopriye anvan yo kòmanse yon sesyon; sa genyen ladan li fason sesyon an fèt nan lòt kou.
- 5) Kòmanse sèvi ak kourikoulòm nan epi jwenn lajwa nan travay sa a!

Pou lòt sipò teknik nan sèvi avèk liv kourikoulòm nan, santi nou alèz pou nou kontakte Repanse Pouvwa sou annanpechevolans@gmail.com. Reyakson pwofesè, konsta yo fè sou kontni liv yo, fason elèv akeyi nouvo lide yo elatriye byenvini. Nou apresye sa. Silvouplè pran kontak avèk nou!

Nòt

- 1 MEDICAL RESEARCH COUNCIL OF SOUTH AFRICA LONDON SCHOOL OF HYGIENE AND TROPICAL MEDICINE SOCIAL DEVELOPMENT DIRECT, DFID. (2014). *A summary of the evidence and research agenda for What Works? A global programme to prevent violence agasint women and girls.* Cape Town: MRC, p. 9.
- 2 PROCHASKA J., DiCLEMENTE C., NORCROSS J., (1992). *In search of how people change — applications to addictive behaviors,* American Psychologist, 47(9), 1102-1114.





Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre